लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# नहेम्याह क महान दीवार

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Jonathan Hay

अनुकूलित: Mary-Anne S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

फारस, एगो शक्तिशाली राष्ट्र, दुनिया पर राज कइलस; अउर राजा अर्तक्षत्र फारस देश पर राज कइलें। इहे उनके दुनिया क ताकतवर शासक बना दिहलस। राजा की महत्वपूर्ण सहायकन में से नहेम्याह नाम क एगो यहूदी आदमी रहल। उनकर काम संभव जहरीला खाना से राजा क रक्षा खातिर राजा की भोजन के पाहिले चीखल रहल।



एक दिन, नहेम्याह बहुत उदास चेहरा की साथ राजा की सामने अइलन। राजा जानल चाहत रहलन कि उनकरी साथ का भइल बा। "हे राजा, तूं सदा जीवित रहअ" नहेम्याह कहलन; "हम दुखी ए खातिर बानी काँहे से कि हमरी जन्म भूमि जहाँ हमार बाप दादा दफन कइल गइल बाने, उहाँ क शहर खंडहर अउर ओकर फाटक ज़रा दिहल गइल बा।" नहेम्याह यरूशलेम की बारे में बात करत रहलन, जेवन कई साल पाहिले युद्ध की दौरान नष्ट कर दिहल गइल रहे।



राजा अर्तक्षत्र पूछलें, "तू का चाहत बड़अ की हम करीं?" नहेम्याह निवेदन कइलन, "हमके यरूशलेम जाये द ताकि हम ओकर पुनर्निर्माण कर सकीं" राजा अर्तक्षत्र ओपर कृपा करके सहमत हो गोइलें। उ उनकी यात्रा की दौरान दुश्मनन से बचवला खातिर नहेम्याह के एगो आधिकार पत्र भी दिहलन।



राजा उनके अउर भी अधिक मदद कइलन। उ नहेम्याह के आसाप राजा की जंगलन की रक्षक की खातिर भी एगो पत्र दिहलन। नहेम्याह के शहर की दीवारन क निर्माण कइला की खातिर जेतना लकड़ी क आवश्यकता रहल; आसाप के उपलब्ध करवला क आदेश दिहलन।



जब नहेम्याह यरूशलेम में पहुंचलन, ऊ शहर की अधिकारी लोग के इकट्ठा कइलन अउर कहलन, "हम सब इहाँ मुसीबत में बनी जा"।



शहर खंडहर अउर फाटक जरा दिहल गइल बा। "आवअ हमनी क एकर पुनर्निर्माण शुरू करल जा" उ कहलन कि राजा अर्तक्षत्र मंजूरी दे दीहले बाने अउर सबसे महत्वपूर्ण बात ई बा कि प्रभु परमेश्वर हमारी ओर बाने।



नहेम्याह की आस्था अउर उत्साह लोगन के प्रेरित कइले होई। उ ए पर सहमत भइलें अउर कहलें "हाँ पुन: निर्माण करअब जा"। नहेम्याह, निर्माण कइला की खातिर प्रत्येक परिवार के बतवलन कि ओ लोगन के दीवार की कवना हिस्सा में काम करे के बा।




लेकिन, सब लोग दीवार की पुनर्निर्माण खातिर सहमत ना भइले।
सम्बल्लत नाम क एगो आदमी, अउर उनकर दू गो दोस्त
तोबियाह अउर गेशेम, यहूदी ना रहलें
अउर वे दीवार क पुनर्निर्माण या
फाटकन क निर्माण कईल
ना चाहत
रहलें।

जइसे जइसे काम चलत गइल, वइसे वइसे सम्बल्लत बहुत नाराज होत गइल। उ अपनी दोस्तन की संगे यहूदियन क मज़ाक उड़वलस। तोबियाह कहलस, "जब उ ए छोटकी दीवार क निर्माण ख़त्म कर लीहन, तब यदि एगो छोटकी लोमड़ी भी ओ के गिराके टुकड़ा टुकड़ा कर देई।" नहेम्याह जवाब ना दिहलन। एकरी बजाय, उ परमेश्वर से प्रार्थना



कइलन कि उ उनके साथ न्याय करें।

जब उनकरी मजाक की अपमान का केहु पर प्रभाव ना पड़ल तब उ यरूशलेम की खिलाफ लड़े खातिर अउर जेतना हो सके ओतना परेशानी क कारण बने खातिर एक साथ साजिश रचलें।

फिर, नहेम्याह परमेश्वर की मदद खातिर प्रार्थना कइलें। उ एगो पहरेदार के दिन रात खातिर रखलें ताकि ओ लोगन के कवनो नाया वारदात से आश्चर्य न होखे।



यहूदी लोग थकला जइसन बहुत कड़ा मेहनत कइलें। जबकि उ डेरात रहलें कि काम कइला की वक्त कुछ दुश्मन आ न जॉव अउर ओ लोगन के मार न डालें। फिर भी, नहेम्याह निर्माण क काम बंद ना कइलन। उ मजदूरन की आसपास चौकीदारन के रख दिहलन अउर ओ लोगन के याद दियवलन कि परमेश्वर उनकरी पक्ष में बाने अउर उ कवनो भी दुश्मन से अधिक शक्तिशाली हउवें!





नहेम्याह एगो अच्छा उदाहरण बने क कोशिश करत रहलन। राजा अर्तक्षत्र उनके यरूशलेम क राज्यपाल बना दिहले रहलन, उ अधिकार की साथ लोगन से भोजन अउर पैसे मांग सकत रहलन, लेकिन उ अइसन ना कइलन।



उ सिर्फ दीवार निर्माण करे वाला लोगन की साथ मिलके कड़ा मेहनत कइलन। उ खाना खरीदे खातिर आपन खुद क पैसा क इस्तेमाल कइलन।

अंततः, लोग दीवार बनावल ख़त्म कइलें, अउर खाली मुख्य दुवार में दरवाजा लगावल रहल। जब सम्बल्लत, तोबियाह अउर गेशेम ई सुनलन कि अब दीवार में कवनो दरार नइखे बचल; उ लोग नहेम्याह क नुकसान पहुँचावे खातिर योजना बनवलें।



ऊ लोग ओनो नामक स्थान पर मिले खातिर नहेम्याह के एगो संदेश भेजलें। लेकिन नहेम्याह जानत रहलन कि ऊ सब उनके नुकसान पहुँचावे की खातिर शहर की बाहर बोलवला क चाल चलत रहलें। ऊ ई लिखवा भेजलें कि काम छोड़के, यात्रा कर के ओ लोगन से मिले ना जइहन।




अंततः दीवार की निर्माण क काम समाप्त हो गइल,
अउर नहेम्याह एके बचवला की खातिर पहरेदारन के लगा दिहलन।


ओ लोगन के उ ईह्रो भी नियम दिह्लन कि पूरा सूर्योदय की बाद ही ए
फाटक के खोलल जाव। रात की समय उ पूरी रीती से बंद रहे अउर खोलला खातिर मना रहे।

अब उ शहर सुरक्षित रहल; दुनिया भर क अलग अलग हिस्सा से अनेकों यहूदी बँधुवा यरूशलेम के लवटलें। नहेम्याह बहुत खुश भइल होईहें; सब बंधुवा की बावजूद, परमेश्वर की द्वारा दिहल ई काम समाप्त कर चुकल रहलें। उ येरुशलम में ही रूकन अउर लोगन के हमेशा परमेश्वर की आज्ञा क पालन कइला में मदद कइलें।



नहेम्याह क महान दीवार

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

नहेम्याह

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं: हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16